китаплар арасындағы айырмашылықлар музыка илиминиң раўажланыўы, педагогикалық жантасыўлардың өзгериўи, музыкалық, мәдений контекстке байланыслы. Бул факторлардың барлығы заманагөй сабақлықларды және де әхмийетли, қолайлы ҳәм студентлер ушын пайдалы болып келмекте.

**Пайдаланған әдебиятлар**


1. В. Вахромеев «Элементарная теория музыки» Москва, 1961 г.
2. В. Вахромеев «Элементарная теория музыки» Москва, 1962 г.
3. В. Вахромеев «Элементарная теория музыки» Москва, 1975 г.
4. Вахромеев В.А. Элементарная теория музыки.pdf. ... Упражнения по элементарной теории музыки (учебник, 1986).



**РЕЗЮМЕ.** Мақалада музыканың элементар теориясы тарийхы, теорияның тийкарғы элементлеринен бири нота саўатлылығы, ондағы айырым темалары: мелодия, ритм, гармонияны оқыўшылар түсиниў де В.Вахромеев сабақлық китабының әхмийети туўралы айтылады.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается история элементарной теории музыки, нотная грамотность как один из основных элементов теории, а также важность учебника В. Вахромеева для понимания учащимися некоторых его тем: мелодии, ритма и гармонии.

**SUMMARY.** The article discusses the history of elementary music theory, musical notation as one of the basic elements of the theory, and the importance of V. Vakhromeev’s textbook for student’s understanding of some of its topics: melody, rhythm, and harmony.


## ТЕАТР ПИДАЙЫСЫ

(Зийнел Пиязовтың дөретиўшилиги мысалында)


**Базарбай Назарымбетов –** *доцент*

*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*



**Таянч сўзлар:** актёр, театр, овоз, спектакль, образ, жанр, драма, томошабин.

**Ключевые слова:** актер, театр, голос, спектакль, персонаж, жанр, драма, зритель.

**Key words:** actor, theatre, voice, performance, character, genre, drama, audience.


Қарақалпақ театр сахнасында өзиниң айрықша роллери менен ҳәм де қосық айтқанда тамашагөйлердиң итибарын бирден тартқан белгили актёр Зийнел Пиязов 1932-жыл Тахтакөпир районында Бөршитаў етегинде Каратереңниң бойларындағы аўылда дуньяға келген ҳәм балалық ўакытлары мине, усы жерлерде өткен. Зийнел Пиязов жаслығында билимге қатты ынтық болғанлықтан орта мектепке барыў ушын 10 километр аралықты басып өтиўине туўры келген. Оның театрға болған қызығыўшылығы жаслайынан пайда болғаны соншелли ол мектебиндеги дөгереклерге жүдә қызығыўшылық пенен қатнасқан.

Солай етип, бул қызығыўшылық жаслықта қалып қоймастан 1951-жылы орта мектепти тамамлап, Ташкент мәмлекетлик театр хам суўретшилик өнери институтының драма театры ҳәм кино актёрлығы факультетине тапсырып оқыўға қабылланады. Бул жерде ол профессор-оқытыўшылардан театр көркем өнериниң сырларын оқып үйренеди ҳәм де профессионал актёр болып жетилиседи. 1955-жылы институтты табыслы тамамлап ҳәзирги Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик академиялық музыкалы театрында актёр сыпатында өз мийнет жолын баслайды.

Биз ҳәзирги ўақытта Пиязов фамильясын еситкенимизде көз алдымызға Ниҳол сыйлығының лауреатлары ҳәм халықаралық конкурслардың жеңимпазлары Акылбек Пиязов, Жанибек Пиязов ҳәм де Женисбек Пиязовлар келеди. Усындай қарақалпақтың көркем өнерин, мәдениятын дүнья жүзине танытып атырған бул инсанлардың көркем өнерде усындай дәрежеге жетиўине түп-тийкарынан олардың атасы яғный, Зийнел Пиязов себепши десек қәтелеспеймиз. Бул инсан тәбият тәрепинен берилген бас даўысқа ийе ҳәм тербелиси жүдә күшли актёр болған. Сонлықтан театрда оған дерлик көпшилик тарийхый спектаклерде патша роли берилген. Бул персонажларды жанландырыў ўақтында оның даўысынан тек ғана сахнадағылар емес

ал тамашагөйлерде сескенетуғын болған. Зийнел Пиязов өмирлик жолдасы Отарбаева Жанымбийке менен 4 ул 5 қызды дүньяға келтирип тәрбиялаған. Жанымбийке апа да Зийнел Пиязов пенен биргеликте театрда жумыс ислеген. Ол 47 жасында ерте дүньядан өткенликтен Зийнел Пиязовтың бир өзи ҳәм әке ҳәм ана орнына ана болып балаларын камалга келтирген. Оның даўамшылары яғный, ул-қызларының ҳәммеси көркем өнер тараўын таңлап әкесиниң дөретиўшилик жолын даўам еттирген. Ҳәзирде оның ақлық-шаўлықлары да усы тараўда хызмет етип келмекте. Зийнел Пиязов театрда ислеген дәўиринде яғный, қырық жыл даўамында жетпистен аслам ҳәр қыйлы образлар дөреткен. Театр тараўында айрықша өз жолына ийе мектеп жаратып кеткен. Олар ҳәр қыйлы жанрларда, ҳәр қыйлы характердеги образлар болған. Театрда атқарған роллери менен халқымызға танылып, драмалық образларды да шеберлик пенен атқарып тамашагойлердиң жүрегинен терең орын алған. Ол кең диапазонға ийе актёр еди мәселен: шет ел драматургларынан Мольердиң «Тартюф» спектаклинде – Дамис ролин, А.Н.Островскийдиң «Жарлылық айып емес» спектаклинде – Басқарыўшы ролин, Вильям Шекспирдиң «Отелло» спектаклинде – Яго ролин, Мустай Кәримниң «Ай тутылған түнде» спектаклинде - Дәрўиш ролин, Қарақалпақ драматурглеринен Әбдираман Өтеповтиң «Теңин тапқан қыз» спектаклинде - Жамал ролин, Жолмырза Аймурзаевтың «Айгул-Абат» спектаклинде – Командир ролин, «Рәўшан» спектаклинде – Мурат ролин, «Бердақ» спектаклинде – Қалқабай ролин, «Сунқар» спектаклинде – Горбачев ролин, Ибрайым Юсупов ҳәм Әмет Шамуратовтың «Қырық қыз» спектаклинде - Кәрўанбасы ролин, Асан Бегимов ҳәм Төреш Алланазаровлардың «Ғәрип ашық» музыкалы драмасында – Шах Аббаз ролин, Кеңесбай Рахмановтың «Келин» спектаклинде – Далжанов ролин, «Жаралы жүреклер» спектаклинде – Алламурат ролин, «О дүньяға мират» спектаклинде – Мәтмуратов ролин, Тәжетдин Сейтжановтың «Әбиў Райхан Беруний» спектаклинде – Әбиўбакир ролин, Абдулла Қаххардың «Сақ ғарға сағағынан» спектаклинде – Мақсым ролин, М.Хусайновтың «Алдар көсе» спектаклинде – Алдар көсеге уқсаған образларын айрықша атап өтиў орынлы. Образ жаратыўдың өз қыйыншылығы бар, бирақ делбелердиң, дәрўишлердиң образын жаратыў ҳәммесинен де қыйын есапланады. Зийнел Пиязов жокарыда айтылғанлардың ишинен Башқурт драматурги болған Мустай Каримниң «Ай тутылған түнде» спектаклинде Дәрўиштиң ролин шеберлик пенен атқарып, оның ишки дүньясын толық ашып, кайталанбас образ жаратыўы тамашагөйлердиң жүрегинен терең орын алған. Ол актёрлықтан тысқары администратор сыпатында да театрдың өндирис режелериниң орынлаўында салмақлы үлес қосқан. Ол шөлкемлестириўшилик шеберлигине ийе инсан еди. Ол Қарақалпақстан радиосында берилетуғын «Тикенек» сатиралық журналында ҳәм телевиденисинде телеминатюраларда да қатнасқан. Зийнел Пиязов мехрибан инсан өмирин қарақалпақ көркем өнерине арнаған жаслардың устазы еди. Оның қарақалпақ театр көркем өнериниң раўажланыўына қосқан үлеслери мүнәсип баҳаланып барған ҳәм оған 1966-жылы Қарақалпакстан Республикасына хызмет көрсеткен артист, 1969-жылы Қарақалпақстан халық артисти, 1977-жылы Өзбекстанға хызмет көрсеткен артист ҳүрметли атақлары берилген.

Бир неше мәрте Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикалары ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланған.

**Пайдаланылған әдебият**

1. Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик академиялық музыкалы театры әдебий бөлим архивинен. 2025-жыл.

**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада қарақалпоқ театри ёрқин намоёндаларидан бири бўлган актёр Зийнел Пиязовнинг ҳаёти ва ижод йўли, истеъдод ва тинимсиз меҳнатлар натижасида яратилган бетакрор образлар орқали томошабинлар қалбидан жой олган актёрнинг қорақалпоқ театрига қўшган ҳиссаси ҳақида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье рассказывается о жизни и творческом пути Зинеля Пиязова, одного из ярких представителей каракалпакского театра, и о вкладе актера в каракалпакский театр, который завоевал сердца зрителей благодаря уникальным образам, созданным благодаря его таланту и неустанному труду.

**SUMMARY.** This article discusses the life and creative path of actor Zinel Piyazov, one of the bright representatives of Karakalpak theater, and the actor's contribution to Karakalpak theater, which resonated with audiences through unique characters created through talent and tireless work.

# МУЗЫКАЛЬНАЯ ТЕОРИЯ ДЛЯ ЗВУКОРЕЖИССЕРА: ПОЧЕМУ ЭТО НЕ ПРОСТО «ЛИШНИЕ ЗНАНИЯ»

**Х.А.Султанов** – *преподаватель*
*Национальный институт эстрадного искусства имени Батыра Закирова при Государственной консерватории Узбекистана*

**Tayanch so'zlar:** musiqa nazariyasi, tovush rejissyorligi, garmoniya, ritm, aranjirovka, tovush yozish tarixi, raqamli texnologiyalar, mastering, mikslesh, hissiy ta'sir.

**Ключевые слова:** музыкальная теория, звукорежиссура, гармония, ритм, аранжировка, история звукозаписи, цифровые технологии, мастеринг, микширование, эмоциональное воздействие.

**Key words:** music theory, sound engineering, harmony, rhythm, arrangement, history of sound recording, digital technologies, mastering, mixing, emotional impact.

Звукорежиссура - это алхимия, где техническое мастерство встречается с художественным видением.

Многие начинающие инженеры фокусируются на плагинах, микрофонах и спектрограммах, забывая, что за «идеальным звуком» стоит нечто большее - понимание музыки как языка. Гармония, ритм, форма - эти элементы формируют ДНК трека, и без их осознанного использования даже самый продвинутый микс рискует стать набором частот, а не историей [1].

1. Гармония: как избежать катастрофы в миксе

Проблема: Наложение инструментов в одном частотном диапазоне создает «грязь», но причина часто кроется не в эквалайзере, а в гармонических конфликтах [2]. Решение: - Анализ аккордовых последовательностей. Звукорежиссер, знающий, что трек написан в дорийском ладу, предвидит, где бас-линия может столкнуться с вокальной мелодией.

- Коррекция на этапе сведения. Пример: в треке «Bohemian Rhapsody» Queen [3] частотные конфликты между гитарами, фортепиано и вокалом решались не только эквализацией, но и переаранжировкой аккордов. Кейс: Работа Тома Элмхирста над альбомом «21» Adele. Он заметил, что вокал в «Someone Like You» [5] теряется на фоне фортепиано из-за совпадения основного тона. Решение: сдвиг аккордов пианино на полтона вверх в припеве.

2. Ритм и темп: невидимый каркас трека.

Ритмическая сетка - это скелет микса [4].

- Синхронизация эффектов. Задержка (delay) с параметром 1/8 ноты в темпе 100 BPM создает предсказуемый паттерн, но если трек использует свинг (например, джаз или хип-хоп), звукорежиссер должен адаптировать задержку под «живой» грув.

- Динамическая обработка. Компрессор, «завязанный» на темп (например, с sidechain-триггером от бас-бочки), требует понимания ритмической структуры. В треке «Get Lucky» Daft Punk [7] синкопированный ритм гитары диктует настройки компрессии для всего микса. Пример: В альбоме «Blackstar» Дэвида Боуи звукорежиссер Тони Висконти использовал асимметричные ритмы (5/4, 7/8), чтобы создать тревожную атмосферу [8]. Без знания теории это звучало бы как хаос.

3. Аранжировка как часть звукового дизайна

Звукорежиссер - архитектор частотного ландшафта.

- Контраст и плотность. В треке «Stairway to Heaven» Led Zeppelin [4] постепенное добавление инструментов (от акустической гитары до оркестра) требовало перерас-пределения частот на каждом этапе.

- Эмоция через динамику. В «Creep» Radiohead [6] взрывная динамика в припеве достигнута не только громкостью, но и контрастом пустого пространства в куплете. Правило: Если аранжировка плотная (например, симфоник-метал), звукорежиссер сокращает sustain у реверберации, чтобы избежать нагромождения.

4. Коммуникация с музыкантами: говорить на одном языке. Пример из студии:

- Гитарист: «Мне кажется, соло теряется».